

## Plan pou Otòn 2021

### 11 Fevriye 2021

Chè kominote Inivèsite Maryland,

Semèn kap vini yo, pral fè nou sou yon lane depi pandemi COVID-19 la te fè nou adopte ansèyman a distans pou pifò nan kou nou you, epi pratike teletravay pou pifò aktivite nou yo. Mwen vle remèsye nou tout pou rezistans ak detèminasyon nou pandan moman difisil sa yo.

Mèsi a pwofesè yo: pou jan nou te anbrase lide aprantisaj a distans lan, epi jan nou kontinye ap ofri, etidyan nou yo nouvo apwòch inovan sou aprantisaj ak jan kou yo ap fèt, epi tou jan pèmèt nou ranpli misyon ansèyman nou. Mèsi a manm pèsònèl yo: pou fleksibilite nou ak devouman nou nan jan nou te sipòte aktivite nou malgre sikonstans vreman difisil yo. Mèsi a etidyan yo: pou fleksibilite nou ak kapasite nou pou nou adapte ak nouvo metòd aprantisaj epi konekte youn ak lòt vityèlman, sa te vrèman enspiran. Jan nou te espere sa ane pase, nap tann avèk enpasyans otòn 2021, kote nou gen entansyon akeyi tout moun an pèsòn ankò sou kanpis la, osi lontan ke kondisyon yo ap pèmèt nou fè sa an sekirite.

Pwomès distribisyon plizyè vaksen kont viris COVID-19 la pèmèt nou anvizaje yon retou pou ansèyman an pèsòn nan klas pou sesyon otòn 2021 an epi pou fonksyonman nòmal nou tou. Byenke nou paka fè previzyon sa avèk sètitud, nou espere ke pifò nan kominote kanpis la ap elijib pou resevwa yon vaksen COVID-19 avan kòmansman sesyon otòn lan. Nou prevwa ke kou ki sipoze fèt an pèsòn yo ap kòmanse pou sesyon otòn sa, epi nou prevwa ke pèsònèl la ap kòmanse reprann aktivite yo sou kanpis la. Sepandan, nou rekonèt, ke gen kèk kou ki kapab fèt pa divès metòd (pa egzanp mik, dabò an pèsòn avèk kontni anliy), epi sou kèk kondisyon espesyal, kèk manm nan pèsònèl la ap kapab fè travay yo a distans atravè teletravay. Jan nou te fel avan, nap toujou kontinye siveye sante ak sekirite kominte nou an sou kanpis la epi adapte nou kòm sadwa ak rekòmasyon sante piblik yo.

Mwen rekonèt ke retounen sou kanpis la aprè tout tan sa deyò pral tankou yo re-ajisteman pou plizyè nan nou. Byenke teknoloji te rann li posib pou n konekte youn ak lòt, poun anseye, aprann, epi kominike a distans, enteraksyon ak pwofesè yo, pèsònèl la, epi etidyan ki sou kanpis la te kontribiye poun gen yon kominote dinamik. Lè nou ansanm sa rapòte nou plis toujou ke ansèyman yon kou oswa fonksyonman yon biwo. Sa pèmèt fakilte, pèsònèl, ak etidyan yo entèraji plis epi aprann konnen youn lòt plis; sa pèmèt chèchè yo inovè epi kolabore; epi sa pèmèt etidyan yo benefisye de tout sa kanpis lan kapab ofri.

Plis enfòmasyon konsènan plan distribisyon vaksen sou kanpis la gen pou kominike pa Sant Sante Inivèsite a lè yo disponib. Pou moman, nou poko resevwa vaksen nan men Eta a. Pandan tan sa, mwen ankouraje nou pou pwofite de lòt opòtinite ki pa nan Inivèsite a pou nou ka vaksine. Jwenn plis enfòmasyon konsènan [vaksen COVID-19 nan eta Maryland](#). Pou sa ki pa akyèlman nan eta Maryland, Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) mete a dispozisyon yo [yon zouti pou jwenn resous sou depatman sante nan eta ou ye a konsènan COVID-19](#).

Mèsi ankò pou tout efò w ak kontribisyon w pou kominote kanpis nou an, epi pou angajman kontinyèl ou nan kontinye swiv rekòmandasyon [4 Maryland](#) yo. Mwen espere retou nou sou kanpis la pou nou akeyi w an pèsòn pou otòn sa.

Sensèman,

Darryll J. Pines

Prezidan, University of Maryland

He/Him/His